Bhaibheri re vana

Rikukupai

# Mwari anoyedza rudo rwaAbhurahama



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus Alastair P.
Rakatorwa na: M. Maillot; Tammy S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.



Umwe husiku, Mwari
akarayira Abhurahama.
Mwari akanga achiyedza
Abhurahama, chida
kuona aida
mwanakomana wake
kudarika Mwari here.

Akanzi, “Chitora mwanakomana Isaka uende kunomupira somupiro.”  Kupa Isaka somupiro?  Izvi zvakanga zvakaomera Abhurahama nokuti akange aine rudo rukuru nomwana wake.



Asi Abhurahama akatenda Mwari, kunyange akanga asinga nzwisisi. Mangwanani, Abhurahama, Isaka nemajaya ake maviri vakaenda kugomo romupiro.



Asati aenda, Abhurahama akatsemura huni dzokugadzira moto womupiro. Abhurahama akanga achida kuteerera Mwari.



Mushure mokunge mazuva matatu apfura, vakasvika pedyo negomo.





Abhurahama akataura kumajaya ake akati, "Imi chigarai henyu pano, ini nomwana tichaenda kunonamata, tigodzokera kwamuri."

Isaka akatakura huni; Aburahama akatakura moto-nebanga.

Isaka akabvunza akati, “Ko hwayana yemupiro iripi?” Abhurahama akapindura akati, “Mwari achatipa gwayana remupiro.”



Vakasvika panzvimbo chaiyo yakanga yasarudzwa naMwari. Abhurahama akavaka aritari akagadzira huni dzokupisa mupiro pamberi paMwari. Abhurahama akanga avaka maaritari mazhinji asi iyi yakanga yakaoma kuvaka.



Abhurahama akasunga Isaka akamuisa paaritari pamusoro pehuni. Zvokwadi, Abhurahama akanga achateerera Mwari achipira Isaka mwanakomana mumwe chete waidisisa zvakanyanya here?





Hongu! Abhurahama akasimudza banga achida kubaya mwana wake. Moyo wake wakarwadziwa asi akaziva kuti anofanira kuteerera Mwari.



Ipapo
ngirozi
yaMwari
yakati, “Mirai!
Nokuti
ndinoziva kuti
unotya Mwari,
hauna
kundinyima
mwanakomana
wako mumwe
chete.”


Abhurahama akasimudza musoro wake, akatarira ndokuona hondohwe yakanga iri musango. Zvichida Isaka akafunga kuti, “Mwari vatipa hwayana sezvakanga zvataurwa nababa.”

Pavakanga vachinamata, mutumwa akataura naAbhurahama akati, “Ndunzi dzose dzenyika dzicharopafadwa muvana vako nokuti vateerera inzwi rangu.” Nerimwe zuva Jesu akanga achazvarwa mudzinza raAbhurahama.



Abhurahama naIsaka vakadzokera kumba. Nguva shoma ichinge yapfura, kusuwa kwakauya. Sara akanga afa. Abhurahama akanga arasikirwa nomudzimai wake uye Isaka akanga arisikirwa naamai wake.



Mushure mokunge rufu rwapera, Abhurahama akatuma muranda wake aiva mukuru weimba yake kunotsvagira Isaka mukadzi.



Muranda akaenda kunyika yaAbhurahama kunotsvaga mukadzi pakati pehama dzaAbhurahama.



Muranda akakumbira Mwari chiratidzo. Akati, “Musikana achapa ngamera dzangu mvura yokunwa ndiye chaiye waIsaka.” Ipapo, Rabheka akasvika akapa ngamera mvura. Akanga ari hama yaAbhurahama. Muranda akaziva kuti Mwari akanga adavira munamato wake.



Rabheka akasiya mhuri yake achienda kunoroorwa naIsaka. Akanyaradza Isaka uyo akanga afirwa naamai vake. Isaka aida Rabheka zvikuru.



Mwari anoyedza rudo rwaAbhurahama

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 22-24

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

5

60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16